# Рузбанан ламаз

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу, Ша даздинчу пIераскан дийнахь бусалба нахана къинхетамца рузбанан ламаз важиб дина волчу АллахIна! Делера салам-салават хуьлийла, рузба дар бусалба нахана довзийтина, марздина волчу, Дала вазвина ваийтинчу Мухьаммад-пайхамарна, цуьнан доьзална, асхьабашна, царна тIаьхьабаьзначарна а!

Делан къинхетамца, дин лело маршо ю вайна тахана Нохчийчохь. Дагна там беш ду хазчу маьждигашкахь нийсачу могIаршка дIахIиттинчу вайнаха ламазаш даран сурт. Вайн ийманан чIогIалла, юкъараллин динца йолу зIе билгалйоккху вайн адамийн маьждигца йолчу уьйро.

Халахета, вайн бусалба вежарий берриге ца хиларна маьждиге бахка сихбелла. Цул сов, кIиранах цкъа бен ца дечу рузбанан ламаз тIехь ледарло йо вайх цхьаболчара. Дала могуьйтур долуш хIума дац иза. Абу ХIурайрата, Ибн Iумара а (Дела реза хуьлийла царна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен минбар тIехь волуш, олуш хезира шаьшшинна, аьлла: **«Нах рузба дитарх бухабевр ма бу, я АллахIа церан дегнаш тIе мухIар таIор ду, тIаккха уьш хир ма бу тергам боцучарах».** *Муслим.*

Наха рузбанан ламаз дитаран бахьанаш дуккха ду. Цхьаберш - пIераскан дийнахь рузбанан ламазан меттана цIахь делкъа ламаз дича тоам бу аьлла хеташ Iа, маьждиге ца богIуш. Кхиберш – рузбане цаваран къа дай хетий Iа. Дуккха нисло, рузбанан ламаз дан ца хуурш я маьждигехь дан дезарг хатта эхь хеташ берш, къаьсттина уьш хаало баккхийчу нахана, интеллегенцина, студенташна юкъахь.

Рузбанан ламазан шариIатехь болу бух буьйцуш, цуьнан дозалла хьахош, и ламаз даран кеп билгал а йоккхуш вовшахтоьхна ду хIара жайна. Иштта кхунах пайда оьцур бу, Дала мукъалахь, рузбанан дийнахь цIахь, маьждигехь дан дезарг хаа луучо.

Рузбанан ламаз Дала, вай декъалдархьама, вай уммат къастош, дезчу пIераскан дийнахь вайна делла совгIат ду. Рузбанан ламазах Iарбийн маттахь джумуIат ламаз олу. ПIераскан дийнахь делкъа ламазан метта шиъ ракаIатца

маьждигехь до рузбанан ламаз. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«ХӀокху дуьнен чу тӀаьхьа даьхкинехь, къематдийнахь хьалхарниш ду вай, массарел хьалха ялсамани чу гӀур ду вай, вайл хьалха Дала царна жайнаш** (Таврат, Забур, Инжийл) **диссийнехь а, вайна** (Къуръан) **царел тӀаьхьа деллехь а. Дала хӀокху пӀераскан дийнахь Шена Ӏибадат дар тӀедиллира царна, амма церан барт ца хилира оцу тӀехь. Дала вай нийсачу новкъа дехи, хӀара де вайна Ӏибадат дан даздина даийтарца, ткъа и нах цхьа де даздарехь вайл тӀаьхьа бу: жуьгташа шоьта де даздо, керста наха – кӀиранде».** *Муслим.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Мадинате хӀижрат дале рузбанан ламаз перза дина Маккахь. Амма бусалба нехан ницкъ ца кхечира цигахь рузба дан. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хӀижрат дале, Мадинатахь дуьххьара рузба дайтинарг АсӀад бин Зурарат (Дела реза хуьлийла цунна) ву.

### ШариӀатехь рузбанан ламаз важиб хиларан делил (бух)

Рузбанан ламаз важиб хиларан делилаш хӀорш ду:

1) Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: **«ХӀай ийман диллинарш! ПӀераскан дийнахь ламазе кхайкхича, АллахӀ хьехон** (рузбанан ламазе) **сихо е аш, йохк-эцар дита. Иза шуна дика ду, шу хууш делахь. Ламаз чекхдаьлча – лаьтта тӀехь дӀасадаржа шу, АллахӀан комаьршо** (рицкъа) **лаха аш, АллахӀ дуккха хьехаве аш – декъала хир ду шу».** *«Аль-ДжумуӀат», 9,10.*

2) ТӀорикъ бин ШахӀаба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рузбанан ламаз дар массо бусалба стагана важиб ду…»** *Абу Давуд.*

### Рузбанца долу хьикмат

Рузбанан ламазах болу пайданаш бийцина ца валлал дукха бу. Царах коьртаниг – цхьана меттехь (юьртахь, гӀалахь) бехаш болу бусалба нах цхьана рузбанан маьждигехь хӀора кӀиранах цкъа вовшахкхетар. Делан лаам кхочушбеш вовшехкхеттачу наха ирс оьцу имамо дечу хутӀбанах. Вовшийн дезар, ларам чӀагӀло Делан дуьхьа маьждиге баьхкинчарна юкъахь. КӀиранчохь хийцаделла бусалба нехан хьелаш довзар, вовшех догадовлар хуьлу нехан. Делан цӀа чохь, маьждигехь, тасаделла доттагӀалла хедар доцуш ду. Бусалба нехан кӀиранан кхеташо (гулам) бу ала мегар ду рузбанах.

Оцу вайна гуш долчу бахьанашна, Дала важиб дина рузбанан ламаз дар. Рузбанан ламазе ца боьлхуш, цуьнан метта пIераскан дийнахь цIахь делкъа ламаз дича тоьар ду моттар – доккха гIалат ду. Рузбанан ламаз дитар доккха къа а лерина шарIо.

## Рузбанан ламаз важиб хиларан бехкамаш

Рузбанан ламаз важиб хуьлу хIара бехкамаш шеца болчунна:

1. Бусалба хилар.
2. Пхийттара валар.
3. Маьрша хилар. Лай волчунна тIехь дац рузбанан ламаз, хIунда аьлча иза шен лаамехь воцу дела.
4. Хьекъалехь хилар. Хьеравааьллачунна тIехь дац рузба дар.
5. Боьрша хилар.

Зударий шайн берийн доладан дезаш, цIийнан гIуллакхаш кхочушдан дезаш бу. Билггалчу хенахь цхьана метте ламазе бахка хала хир дара царна. Делкъа ламаз деш, пIераскан дийнахь цIахь Iер гIоли ду царна. Амма рузбане дахкар дихкина а дац.

6. Могуш хилар.

Маьждиге вахалур воцчунна я оцу чохь Iалур воцчунна тIехь дац рузбане вахар. Иштта тIерадолу и ламаз, маьждиге вахча я цу чохь Iийча лазар совдер делахь а. Цомгушчунна юххера дIавала йиш йоцчунна а тIерадолу рузбанан ламаз.

7. Рузба дечу меттигехь вехаш хилар.

ШарIо магийначу Iалашонца новкъаваьллачунна тIехь дац рузбанан ламаз дар, нагахь санна пIераскан дийнахь Iуьйра ламазан хан хилале иза новкъа ваьллехь. Иштта, ша вехачу меттехь рузба хIотто мегаш дацахь, масала, юххера рузба дечу юьртара молла кхайкхар ца хезачу жимчу кIотарахь рузбанан ламаз дан 40 стаг вацахь. Юххерчу юьртахь молла кхойкхуш хазахь, оцу юьрта рузбане дахар тIедужу царна.

## Рузба кхочушхиларан бехкамаш

Рузба кхочушхиларан бехкамаш багарбийр бу вай:

1. Рузба шахьарахь я юьртахь хилар, шена чохь вехаш ламаз тIедожийна лаххара 40 стаг волуш.
2. Рузбанан ламазе дIахIуттуш верг 40 (шовзткъаннал) кIеззиг цахилар.
3. Рузба делкъа ламазан хенахь дар.

4. Рузба цхьана хеннахь, цхьана маьждигехь дар. Амма нах чухоьар бацахь, шина маждигехь ши рузба дан мегар ду.

Ламаз цхьана маьждигехь даран хьикмат бусалба нехан барт чIагIбар, юкъаралла кхиор ду.

## Рузбанан перзаш

Рузба шина перзанах лаьтташ ду. Хьалхара перза – иза ши хутIба дар ду. Кхуьнан бехкам бовзуьйтур бу вай:

– Ирахь латталуш велахь, ши хутIба ирахь волуш дешар, цаьршинна юкъахь охьахаарца хан йолуьйтуш; Самуратан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **рузбанехь ши хутIба дора, лаьтташ волуш. Шина хутIбана юкъахь охьахуура иза».** *Бухари, Муслим.*

– ХутIба ламазал хьалха дар;

– ХутIба доьшуш верг ламаз карахь долуш хилар, цуьнан дегI, бедар, иза лаьтта меттиг цIена хилар;

– ХутIбанан, ца хилча ца долу, коьрта дакъош (арканаш) Iаьрбийн маттахь дешар. Имамана тIехь ду, ламазе баьхкинарш кхетар бацахь а, хутIба Iаьрбийн маттахь дешар. Маьждигехь Iаьрбийн мотт хууш нах бацахь, и Iамалур болу хан цара тIехъялийтахь, массарех къа леташ ду. Церан рузба къобал хир дац, делкъа ламаз дийр ду цара. Амма церан Iаьрбийн мотт Iаммол хан ца яьллехь, имамо хутIба шена луъучу, нах кхетар болчу, маттахь доьшур ду.

– Шина хутIбана, рузбанан ламазна юкъа дукха хан ца йолийтар. Юкъа дукха хан йолахь, рузбанан ламаз делкъа ламазе долу.

– Рузбане веана, лаххара, шовзткъа стаг хилар.

Шина хутIбанан арканаш хIорш ю:

1. ХутIба деша волалуш, Далла хастам бар.
2. Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават диллар.
3. Делах кхера аларца весет дар.

ХIара кхо рукна шина а хутIбанехь хила езаш ю. ХIора хутIбанехь уьш хилчий бен, хутIба кхочуш ца хуьлу.

4. Цхьана хутIбанехь Къуръанах цхьаъ я маситта аят дешар.
Доьшу аяташ кхоччуш маьIна долуш, къаьсташ дешар бехкам бу.
5. ШолгIачу хутIбанехь бусалба нахана доIа дар.

Рузбанан шолгIа перза ду ши ракаIат ламаз дар. Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Мухьаммада** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **шен маттаца ма-аллара, рузбанан ламаз шина ракаIатца ду».** *Насаи.*

Рузбанан ламазан цхьана ракаIате бен ца кхиахь а, и ламаз къобал хир ду. РакаIате кхиар лору, имам рукуIера хьаланисвалале, ирахь волуш, ламаз дихкина, имамана тIаьхьа рукуIе ваха кхиънарг. Цхьана ракаIате кхиъначо имамана тIаьхьа рузбанан ламаз Далла дан ниййат дина, ламаз дийр ду, цо салам делча, ша салам ца луш хьалагIаьттина, дисина ракаIат (бисмилла, хьала-охьа таIар, суждане вахар) кхочуш дина, юха а этхьиг дешна, ламаз дерзош салам лур ду. Амма имам, ший а бисмилла дешна, этхьиг доьшуш тIекхаьчначо, имамана тIаьхьа рузбан ламазна ниййат дина, ламаз доьхкур ду, амма делкъа ламаз санна диъ ракаIат дийр ду.

**Рузбанан гIиллакхаш**

1. Лийчар. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Рузбанан ламазе воьдург лийча».** *Бухари, Муслим.*

2. ДегI моданех, товш йоцчу хьожанех цIандар, IатIар тохар. Салмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рузбанан дийнахь лийча а лийчина, шен ницкъ ма-кхоччу цIано а йина, шен цIера даьттанах даьтта а хьаькхна я шен цIера IатIарх IатIар а тоьхна, цул тIаьхьа араваьллачунна, шина стеган барт а ца бохош, цул тIаьхьа шена тIедиллина ламаз а дина, цул тIаьхьа имамо хутIба доьшуш тапъаьлла цуьнга ладоьгIначунна гечдийр ду оцу рузбанна а, тIедогIучу рузбанна а юккъехь долчунна».** *Бухари.*

3. Хаза бедарш юхар, къаьсттина - кIайн бос болу бедарш. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**Шайн бедарех кIайн бос берг юха, баккъалла а, уьш шун бедарех диканаш ю; царна юкъа дIахьарчабе шайн белларш».** *Ахьмад, Абу Давуд, Тирмизи, ибн МажахI.*

4. МIараш хадор, месаш тояр.

5. Хьалххе рузбане вахар. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рузбанан дийнахь джанабатна** (перза лийчар) **лийчарх терра лийча а лийчина, цул тIаьхьа рузбане ваханарг - сагIина эмкал йийнарг санна ву, шолгIа сохьтехь ваханарг - сагIина бежана дийнарг санна ву, кхоалгIачу сохьтехь ваханарг - маIаш йолу ка бийнарг санна ву, доьалгIачу сохьтехь ваханарг - котам сагIина йийнарг санна ву, пхоьалгIачу сохьтехь ваханарг - хIоа сагIина делларг санна ву. Имам минбар тIе хьалаваьлча, хьехаме ладогIа маликаш догIу».** *Бухари, Муслим.*

6. Маьждиг чу ваьлча, ши ракаIат маьждиган хьурмат ламаз дар. Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Имам хутIба доьшуш волуш маьждиге веанчо, дай ши ракаIат ламаз дойла».** *Муслим.*
Амма хутIба чекхдолуш кхаьчнехь, рузбанан ламазан икъомат даллац собар дан деза, охьа ца хууш. Нагахь санна доьшуш хутIба долуш, маьждиг чу веанарг хьурмат ламаз ца деш охьахиънехь, оцу ламазан хан дIатуьлу иза охьахаарца. Юха хьала а гIаьттина и ламаз дийр дац цо.

7. Шина хутIбане, вист ца хуьлуш, ладогIар. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рузбанехь имам хутIба доьшуш волуш, ахьа хьайн накъосте хабар ма дийца алахь а, цаоьшург дийцинарг хуьлу хьо».** *Бухари, Муслим.*

**Рузбанан дийнан суннаташ**

Рузбанан де кIиран чохь уггар дика де ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена тIе малх хьожучу денойх уггар деза де – иза рузбанан де ду, оцу дийнахь Адам кхоьллина, оцу дийнахь иза ялсамани чу а вахийтина, оцу дийнахь иза оцу чуьра ара а ваьккхина».** *Муслим.*
Цундела хIора бусалба стага оцу дийнахь шена мела алсам хир болу Iамал ян еза.

**ПIераскан дийнан езчу Iамалех цхьаерш хьахор ю вай:**

1. Суннат ду, пIераскан буса я дийнахь «Аль-КахIф» сурат дешар.

2. Рузбанан дийнахь-буса алссам доIанаш дар. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), пIераскан де а хьахийна, элира, аьлла: **«Оцу чохь** (рузбанан дийнахь) **цхьа хан ю; оцу тIе бусалба стаг нислур вац, ламазна хIоьттина а волуш, Деле цхьа хIума доьхуш, шена Цо и луш а бен».** Цул тIаьхьа куьйгаца ишар йира цо, и хан йоца хилар гойтуш. *Бухари, Муслим.*

3. Рузбанан дийнахь-буса алссам Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салаваташ дахкар. Авсан кIанта Авса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шун денойх уггар гIоли долу де – пIераскан де ду. Оцу дийнахь суна салаваташ дукха дахка, баккъалла а, аша дуьллуш долу салават суна тIедохьуш ду».** *Абу Давуд.*

Рузбанан де Дала вайна къинойх цIандала, алсам мела баккха хIора кIиранах доуьйтуш сийлахь дезде ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олура, аьлла: **«Пхи ламаз а, рузба а – вукху рузбане кхаччалц, мархин бутт а – вукху мархин батте кхаччалц, царна юккъехь дина долу къинош дIадойуш ду, даккхийчу къинойх ларвелчахьана».** *Муслим.*

Вайн йиш яц и Делан совгIат, пусар ца деш, дIататта. Рузбане ца воьдуш Iан мегар дац, цул сов - шен кIелдуьсуш доккха гIуллакх доцчо дийнна пIераскан де Далла Iибадат деш даккхар гIоли ду.

### Рузбанан дийнахь дан дезарг

Iуьйранна лийчина, ламаз эцна, деша хууш велахь Къуръанан «КахIф» сурат доьшур ду, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салаваташ дахкар алсамдохур ду. Шен аьтто ма-хуьллу, хьалхxе маьждиге гIур ву. Некъахь массаьрца гIиллакхе, кIеда-мерза волуш, гIийбаташ ца деш, дов ца деш хила веза иза. Маьждигна чоьхьа бакъахьара ког хьалха боккхуш валар суннат ду. Суннатехь ду **«АIу́зу билла́хIиль-Iазы́м ва би важхIихIиль-кари́м ва сультIо́нихIиль-къоди́м минашшайтIо́ниррожи́м. БисмиллáхIи, вассолáту вассалáму Iалá росу́лиллáхIи. АллóхIуммафтахь ли́ абвáба рохьматика»** алар. Цуьнан маьIна: "Везчу АллахIе доьху аса, Цуьнан йоккхачу комаьршон дуьхьа, Цуьнан хаддаза долчу паччахьаллин дуьхьа, Цо Шен къинхетамах генадаькккхинчу шайтIанах сой Iалашвар. АллахIан цIарца. Делера салам-маршалла хуьлийла Делан Элчанна. ХIай АллахI, Хьайн къинхетаман неIарш дIаеллахьа суна".

Маьждигехь охьахаале, «Аса ниййат ди ши ракаIат маьждиган хьурмат ламаз Далла дан», аьлла, ниййат деш ламаз дийр ду. Нагахь санна имама минбар тIехь хутIба доьшучу хенахь маьждиге веанехь, и дешна валале хьурмат ламаз дан кхуьур вац аьлла хетахь, хьурмат ламаз цадеххкар гIоли ду. Меттиг елахь, хьалхарчу могIаре охьахаар мелехь ду, амма мегар дац нехан вортош (яьIнеш), когаш тIехула, царна новкъарлонаш еш хьалхавийла.

Наггахь, дуьххьара молла кхайкхича, маьждигехь докъан ламаз дар нисло. Имамо ламаз дихкинчул тIаьхьа, цунна тIаьхьа хIоьттинчо докъан ламазан ниййат иштта дийр ду: **«Ас ниййат ди, Делан дуьхьа, хIокху веллачунна** (еллачунна) **докъан ламаз дан жамIатца, имамана тIаьхьа хIоьттина»** – аьлла. Нагахь санна белларш дукkха белахь, имама ниййат дийр ду докъан ламаз дечарна докъан ламаз дан. Докъан ламаз, доьазза Аллóхlу акбар аларца, ирахь льтташ деш ду.

Хьалхара Аллóхlу акбар имамал тIаьхьа ламазан ниййат деш олу. Ши куьг белшел лакха доккхуш, цунна тIаьххье меллаша (шена хезачу барамехь) Аллóхlу акбар олуш, куьйгаш некха тIе дехкина, ирахь волуш ***«АIýзу биллáхIи минашшайтIóнирроҗúм»*** эр ду, цул тIаьхьа ***«Фáтихьа»*** доьшур ду.

Имамо шозлагIа ***«Аллóхlу акбар»*** аьлча, хьалха санна ши куьг белшел лакха доккхуш, цунна тIаьххье меллаша ***«Аллóхlу акбар»*** олуш, куьйгаш некха тIе дехкина, ирахь волуш Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават дуьллур ду: **«Аллóхlумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммад** (ХIай АллахI, Мухьаммадах къинхетам бехьа, цуьнан охIланах а къинхетам бехьа)**».**

Дезох дерг «ИбрахIиман салават» диллар ду: **«Аллóхlумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá соллайта Iалá ИбрóхIúма ва Iалá áли ИбрóхIúма, ва бáрик Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá бáрокта Iалá ИбрóхIúма, ва Iалá áли ИбрóхIúма филь-Iáламúна, иннака хьамúдуммаҗúд** (Я АллахI, Мухьаммадах, Мухьаммадан доьзалх а къинхетам бехьа, Айхьа ИбрахIимах, ИбрахIиман доьзалх а къинхетам ма-барра; Мухьаммадна, Мухьаммадан доьзална а беркат дехьа, Айхьа ИбрахIимна, ИбрахIиман доьзална а беркат ма-дарра хIокху Iаламашкахь. Баккъалла а, Хьо Хастаме, Сийлахь ву)**».**

Имамо кхозлагIа ***«Аллóхlу акбар»*** аьлча, цунна тIаьххье ***«Аллóхlу акбар»*** олуш, веллачунна а, бусалба нахана а доIа дийр ду: **«Аллóхlумагlфир лихьаййинá ва маййитинá, ва согIúринá ва кабúринá,**

**ва закарина́ ва унса́на́, ва ша́хIидина́ ва гIо́ибина́. Алло́хIумма ман ахьйайтахIу минна́ фа ахьйихIи Iалал-Исла́ми, ва ман таваффайтахIу минна́ фа таваффахIу Iалал-и́мани** (ХIай АллахI, Ахь гечдехьа тхан дийна болчарна а, беллачарна а, кегийчарна а, баккхийчарна а, божаршна а, зударшна а, цIахь болчарна а, цIахь боцчарна а. ХIай АллахI, Ахь тхох дийна витинарг – иза Ислам тIехь вахавехьа, Ахь тхох дIакхалхийнарг – иза иманчохь дIакхалхавехьа)**».** И доIа дан ца хуучо: **«Алло́хIуммагIфир лахIу, вархьамхIу** (Я АллахI, гечдехьа цунна, къинхетам бехьа цунах)**», -** эр ду.

Елларг зуда елахь: **«Алло́хIуммагIфир лахIа́, вархьамхIа́** (Я АллахI, гечдехьа цунна, къинхетам бехьа цунах)**», -** эр ду.

Белларш дуккха белахь: **«Алло́хIуммагIфир лахIум, вархьамхIум** (Я АллахI, гечдехьа царна, къинхетам бехьа царах)**», -** эр ду.

Делларг бер делахь: **«Алло́хIуммажIальхIу фаротIон лиабавайхIи, ва салафан ва ажрон», -** эр ду.

Я дехха доIа дийр ду: **«Алло́хIуммажIальхIу фаротIон лиабавайхIи ва салафан ва зухрон ва Iизотан ваIтиба́рон ва шафи́Iан ва саккъиль бихIи мава́зи́нахIума́, ва афригIис-собра Iала́ къулу́бихIима́** (Я АллахI, хIара шен дена, нанна а эхартахь бух кечбан хьалхадаьлла хилийтахьа, цаьршинна цунах кхане а ехьа, хьехам, тергам а хилийтахьа, шен дехаран жоп луш волу шапаIатан да а вехьа. Я АллахI, хIара бахьана долуш цаьршиннан диканаш узу терза даздехьа, цаьршиннан дегнаш собарх а дузахьа)**».**

ДоьалгIа ***«Алло́хIу акбар»*** аьлча, хIара доIа дийр ду: **«Алло́хIумма ла́ тахьримна́ ажрохIу ва ла́ тафтинна́ баIдахIу, вагIфир лана́ ва лахIу** (ХIай АллахI, хIокху веллачунна хуьлучу мелах ма дахахьа тхо, цул тIаьхьа вуон ма гайтахьа тхуна, тхуна а, цунна а гечдехьа)**».** И доIа дан ца хуучо: **«Алло́хIуммагIфир лахIу, вархьамхIу», -** эр ду.

Цул тIаьхьа рузбанан ламазал хьалхара суннат ламазаш дийр ду – шина ракаIатах долу ши ламаз. Имам минбар тIе хьалаваьлла, шолгIа молла кхайкхича, дIадолало хутIба. Вист ца хуьлуш, меттах ца хьуьйш ладогIа деза хутIбане. ХутIба чекхдаьлча, икъомат ма-динна, могIаре дIахIуттур ву, юххехь болчарна юкъахь хийронаш ца юьтуш. Имамо, ***«Алло́хIу акбар»*** олуш, рузбанан ламаз дихкича, цунна тIаьххье: «Ас нийййат ди, Делан дуьхьа, перза ши ракаIат рузбанан ламаз жамIатца имамана тIаьхьа дан» аьлла,

ниййат деш, ламаз доьхкур ду. Ламазехь имамана хьалха ца лелхаш, хьалаохьа таIарехь жимма тIаьхьавуьсуш дийр ду ламаз. Рузбанан ламазна салам деллачул тIаьхьа, имамана тIаьхьа тасбихь даьккхина, дечу доIина амин аьлла, рузбанан ламазал тIаьхьара суннат ламазаш (рузбанан ламазал хьалхара шиъ санна) дийр ду. Амма дезаниг – суннат ламаз цIахь дар ду. Маьждиг чуьра, харцахьара ког хьалха боккхуш, аравалар суннат ду, **«Бисмилла́хIи, вассола́ту вассала́му Iала́ росу́лилла́хIи. Алло́хIумма инни́ асъалука мин фадлика. Алло́хIуммаIсымни́ минашшайтIо́нирроживм»** олуш. Цуьнан маьIна иштта ду: «АллахIан цIарца. Делера салам-маршалла хуьлийла Делан Элчанна. ХIай АллахI, аса Хьоьга йоьху Хьан комаьршо. ХIай АллахI, Хьайн къинхетамах генадаьккхинчу шайтIанах Iалашвехьа со».

## Ламаза тIехь карахIат дерш

**КарахIат** бохург – хIора ламаз деш волчунна и дитарца мела хир болуш, цо и дахь цунна таIзар хир доцуш дерг ду. Ламаз дарехь карахIат дерш дуьйцур ду вай:

1. Ламаз даран суннатех муьлхха а суннат дитар;
2. Ламаза тIехь шен цхьа а хьашт доцуш дIасахьежар;
3. Шен бIаьргаш стигала хьалахьежабар (махIдин доьшуш велахь а);
4. Ламаза тIехь шен бедарш нисъяр, месаш сецаяр;
5. Ша чIогIа меца волуш ламаз дар (ламаз туьлуш дацахь);
6. Шен араваха гIуллакх долуш ламаз дар;
7. Ша чIогIа наб йогIуш волуш ламаз дар;
8. Цхьана кога тIе хIоьттина ламаз дар (бехказло йоцуш);
9. Бедаран пхьуьйшаш хьалакерчор, месаш дIахьерчор;
10. Цхьайолчу меттигашкахь (луьйчучохь, некъаюккъехь, базарахь, кешнашкахь, килса чохь, нехаш дIакхуьссу меттигашкахь, эмкалш хи мала гуллучохь) ламаз дар;
11. Готта, дегIана тIелетта бедар юьйхина, ламаз дар;
12. Божарий болчу цIа чохь, масала, царна хьалха а хIоьттина, зудчо ламаз дар;
13. Стага, йоца коч юьйхина, ламаз дар;
14. Еха, лаьттах теkхаш, бедар юхар;
15. Ламазехь юьхь дIакъовлар, бедар тIекхоьллина ламаз дар;
16. МогIанаш кхочуш ца бар, вовшийн тIеттIа хилла дIацахIиттар.
17. Ши белш иэхьар;
18. Сурт гуш долчу цIа чохь я шена тIехь сурт долчу бедарца ламаз дар;

19. Стага, коьртахь хIума йоцуш, ламаз дар;
20. Ламаз сов тIех кечбина, къагийна, я лекхачу метте охьатесначу куза тIехь дар;
21. Ламаз даима маьждиган цхьана меттехь дар;
22. Нахана новкъарло еш, ламазехь доьшуш дерш чIогIа дешар;
23. РукуIе воьдуш, хьаланислуш, ши куьг хьала ца айбар;
24. Цхьана ракаIатехь «Бисмилла» шозза я сов дешар;
25. БIаьргаш хьабдина ламаз дар. БIаьргаш биллича новкъарло хир елахь, бIаьргаш хьабдина дан мегар ду ламаз.
26. Бахьана доцуш, меженаш меттахъхьеяр. Меженаш меттахъхьеяро Далла тIе ойла ца йохуьйту. Иштта, ламазан низам дохош, тIаьхье-хьалхе меженаш меттахъхьеяро ламаз дохадо.
27. РукуIе (суждане) охьа а таьIна, Алло́хIу Акбар алар, рукуIера (сужданера) хьала а нисвелла, Алло́хIу Акбар алар; Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), ша рукуIе (суждане) воьдуш лаьтташ, Алло́хIу Акбар олуш хилла, сужданера корта хьалаойбуш лаьтташ, Алло́хIу Акбар олуш хилла. *Бухари.*
28. Шина сужданал тIаьхьа, охьа ца хууш, хьалагIаттар;
29. Сужданехь хьаьж лаьттах хьакхадала дезаш ду, амма цуьнца цхьана мара лаьттах ца хьакхабалийтар карахIат ду;
30. Сужданехь гай голашна тIетаьIна хилар; пIелгаш цхьаьна долуш, белшийн я лергийн барамехь дехкина хила деза куьйгаш. Пхьаьрсийн голаш варех хьакхалуш йоцуш, лаьттара жимма хьалаайбина хила еза.
31. МахIдин дешначул тIаьхьа юьхьах куьйгаш хьакхар.
32. Икъоматна, ламаз дехкарна юкъа дукха хан йолийтар.
33. ХутIба доладелча вистхилар, меттахъхьер.
34. Нехан вортош тIехула когаш бохуш, могIанаш хедор. Амма хьалхарчу могIаршкахь меттиг елахь, ларлуш хьалхавалар магийна ду.

Рузбанан де Дала вайна къинойх цIандала, алсам мел баккха хIора кIиранах доуьйтуш сийлахь дезде ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олура, аьлла: **«Пхи ламаз а, рузба а – вукху рузбане кхаччалц, мархин бутт а – вукху мархин батте кхаччалц, царна юккъехь дина долу къинош дIадойуш ду, даккхийчу къинойх ларвелчахьана».** *Муслим.*

Вайн йиш яц и Делан совгIат, пусар ца деш, дIататта. Рузбане ца воьдуш Iан мегар дац, цул сов шен кIелдуьсуш доккха гIуллакх доцчо дийнна пIераскан де Далла Iибадат деш даккхар гIоли ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла

цунна) элира, аьлла: **«Шена тIе малх хьожучу денойх уггар деза де – иза рузбанан де ду, оцу дийнахь Адам кхоьллина, оцу дийнахь иза ялсамани чу а вахийтина, оцу дийнахь иза оцу чуьра ара а ваьккхина».** *Муслим.*

Везчу Дала - рузбанан дийнахь а, кхийолчу хенахь а Шен дуьхьа йина Iамал къобалйинчарах дойла вай! Дала къинхетам бойла массо бусалба нахах! Хастам бу АллахIна!